



Pou Piblikasyon Imedya: 1/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MIZAJOU POU RÈGLEMAN SOU SEKIRITE ENFÒMATIK NAN KAD EEFÒ GLOBAL POU PWOTEJE BIZNIS AK KONSOMATÈ YO KONT MENAS ENFÒMATIK YO

Amanman yo nan règleman sou sekirite enfòmatrik New York ki se premye nan nasyon an pral enpoze nouvo kontwòl, mande plis evalyasyon risk regilye yo, mete ajou egzijans notifikasyon yo pou amelyore pwoteksyon pou Nouyòkè yo

Baze sou angajman Gouvènè a pou ranfòse sekirite enfòmatrik nan tout Eta a apre lansman premye estrateji sekirite enfòmatrik New York la

Règleman ki amande yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York la te amande règleman sou sekirite enfòmatrik nasyonal li yo pou amelyore gouvènans sou sekirite enfòmatrik, diminiye risk yo epi pwoteje biznis New York yo konsomatè yo kont menas enfòmatrik yo. Règleman amande yo baze sou enpak global règleman orijinal sou sekirite enfòmatrik yo, ki te etabli kad inovatè ke regilatè finansye federal ak eta yo fòme kounye a pou pwoteje kont menas entènèt yo, ak efò global Gouvènè a fè nan tout eta a pou amelyore garanti pou biznis ak konsomatè yo. W ap jwenn yon kopi règleman final yo adopte yo disponib sou [sitwèb DFS la](#).

"New York te toujou ouvri wout la nan pwoteje biznis ak konsomatè yo kont menas sou entènèt, epi avèk amanman sa yo nan règleman sou sekirite enfòmatrik prensipal nou an, n ap kontinye etabli estanda nasyonal la", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan lansman premye estrateji sekirite enfòmatrik Eta a, ki ranfòse kapasite enfòmatrik lapolis nan eta a, epi siyen yon lejislasyon istorik pou pwoteje rezo enèji nou an kont atak enfòmatrik yo, administrasyon mwen an ap double efò li sou angajman nou pou asire ke enstitisyon finansye yo gen garanti yo an plas pou pwoteje done enpòtan kliyan yo epi kenbe entegrite sistèm finansye nou an".

Sirentandan Sèvis Finansye Eta New York la, Adrienne A. Harris, te deklare, "Règleman sa a kontinye apwòch transfòmatrik Depatman an ki baze sou done pou sipèvizyon sekirite enfòmatrik. Atak enfòmatrik yo ap ogmante, epi mizajou yo egzije endistri sèvis finansye a pou yo etabli estanda ak kontwòl pi solid pou

sekirize done sansib yo. Yo pral egzije plis itilizasyon pwoteksyon ki pwouve tankou otantifikasyon miltifaktè pandan y ap kenbe fleksibilite ki baze sou risk nan règleman sou sekirite enfòmatrik enpòtan yo".

"Règleman sekirite enfòmatrik ki ajou sa yo ranfòse lidèchip New York nan politik enfòmatrik ki entelijan ak efikas", **Direktè Senkirite Enfòmatrik Eta New York, Colin Ahern, te deklare**, "Nouvo règ yo bati sou apwòch ki baze sou risk nou pou entegre sekirite enfòmatrik ak pi bon gouvènans, kontwòl aksè pi solid ak evalyasyon, mete ajou règ rapò ki gen ladan lojisyèl malveyan (ransomware), ak kondisyon pou fòmasyon pèsonèl, règleman sa yo ogmante nivo a pou rezistans enfòmatrik. Menm lè menas enfòmatrik yo vin pi konplèks, New York ap kontinye founi solisyon inovatè ki sekirize sistèm enpòtan yo, pwoteje done yo epi pwoteje konsomatè yo ak biznis yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak Depatman Sèvis Finansye a paske yo fè avanse nouvo estanda enfòmatrik ki gen enpak sou sa yo".

Nouvo règ yo ranfòse apwòch ki baze sou risk Depatman Sèvis Finansye (DFS) a pou asire ke sekirite enfòmatrik entegre nan planifikasyon biznis, priz desizyon ak jesyon risk kontinyèl antite ki reglemante yo. Chanjman kle nan règleman yo enkli:

- Kondisyon pou gouvènans amelyore;
- Kontwòl adisyonèl pou anpeche premye aksè san otorizasyon nan sistèm enfòmasyon yo epi pou anpeche oswa diminye pwopagasyon yon atak;
- Egzijans pou evalyasyon risk ak vilnerabilite ki pi regilye, ansanm ak repons a ensidan ki pi solid, kontinwite biznis ak planifikasyon rekiperyasyon katastwòf;
- Kondisyon notifikasyon ki ajou yo, tankou yon nouvo egzijans pou rapòte pèman lojisyèl malveyan; epi
- Enstriksyon ki ajou pou konpayi yo envesti nan fòmasyon omwen chak ane ak pwogram sansibilizasyon sou sekirite enfòmatrik ki antisipe atak jeni sosyal epi ki otreman gen rapò ak modèl biznis ak pèsonèl yo.

Kòm yon pati nan apwòch done li a pou sekirite enfòmatrik, DFS te mennen gwo sansibilizasyon atravè senpozyòm enfòmatrik ak konferans ak dyalòg avèk eta a, regilatè federal ak entènasyonal, endistri, ak lòt ekspè nan domèn sekirite enfòmatrik. Amanman ki te adopte a rann biznis DFS reglemante yo ak antite ki gen lisans yo responsab pou mete pwoteksyon pou sekirite enfòmatrik, epi pou asire yo kenbe defans enfòmatrik ki apwopriye pou gwosè yo, nati biznis yo, ak kalite done yo konsève, pami lòt konsiderasyon enpòtan pandan y ap kontinye ankouraje kwasans endistri sèvis finansye York la.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, New York kontinye kreye modèl nasyonal pou règleman sou sekirite enfòmatrik ki entelijan ak efikas. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè a te lanse premye estrateji sekirite enfòmatrik Eta New York la, yon plan konplè pou konstwi rezistans enfòmatrik nan chak kwen nan eta a. Gouvènè Hochul te lanse tou yon pwogram sèvis pataje sou sekirite enfòmatrik ki prensipal nan peyi a pou pwoteje konte ak antite gouvènman lokal yo, ki kouvri plis pase 65,000 odinatè

gouvènman an posede atravè eta a, epi elaji kapasite enfòmatrik pou fòs de lòd eta a nan ogmante Inite Krim Enfòmatrik, Inite Analiz Sibènètik ak Sant Krim sou Entènèt Kont Timoun nan Lapolis Eta New York. Ane pase a, Gouvènè Hochul te siyen tou yon lejislasyon enpòtan pou pwoteje rezo enèji New York la kont atak enfòmatrik yo. Pandan menas enfòmatrik yo ap evolye rapidman, New York rete nan avangad règleman sou sekirite enfòmatrik epi kontinye ranfòse defans atravè sektè piblik ak prive yo.

DFS pral òganize yon seri wèbinè pou bay yon apèsi sou règleman sekirite enfòmatrik ki amande yo. Detay sou enskripsyon pou evènman fòmasyon sa yo ak kalandriye konfòmite a disponib sou [sitwèb DFS la](#).

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)